# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–25 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

चुनाव आयोग आवे वाला चुनावन में पर्यावरण के हिसाबि अनुकूल चुनाव परक्रिया के बढावा दे रहल हौ। आयोग चुनाव मशीनरी अउर राजनीतिक दलन के मतदाता सूची अउर चुनावी सामग्री बदे कागज का उपयोग कम से कम करे क निर्देस जारी कइले हौ। चुनाव निकाय ई–बुक्स अउर ई–डाक्यूमेंन्ट्स के उपयोग पर जोर दिहले हौ अउर डबल–साइड प्रिन्टिंग अउर लेआउट अनुकूलन सुनिश्चित करे के कहले हौ। चुनाव आयोग येह लोकसभा चुनाव में इलेक्ट्रानिक माध्यम से ज्यादा से ज्यादा संचार करे के कहले हौ। आयोग पर्यावरण अनुकुल चुनावन बदे चुनाव कार में लागल कर्मियन के साथे–साथ राजनीतिक पारटियों के एकल उपयोग वाले प्लास्टिक से पुरहर बचे क निर्देस दिहले हौ।

**********

प्रेम अउर भाईचारा क प्रतीक होली क तिउहार आजु हसी खुसी क माहौल में मनावल जा रहल हौ। लोगि एक दुसरे के रंग गुलाल लगा के गले मिलि रहल हवें। घरे आवे वाले मेहमानन क गोझिया, मिठाई अउर नमकीन के साथे कई तरियन क पकवानन से स्वागत कइल जा रहल हौ। अजोध्या में श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ ट्रस्ट की ओरि से धूमधाम से होली क मुख्य आयोजन कइल गइल हौ। हमरे संवाददाता बतवलें कि पहली बेर राममंदिर हाता में रामलला के गुलाल लगावल गइल अउर ओन्हे कचौरी, गोझिया, पूड़ी अउर खरी जइसन बिशेष पकवानन क भोग लगावल गइल। हुनमान गढ़ी क महंत राजूदास हमरे प्रतिनिधि के बतवलें कि रामलला के राष्ट्रीय वनस्पति अनुसंधान संस्थान लखनऊ से आइल हरबल गुलाल गलावल गइल । सरधालुअन में रामलला के साथे होली खेले बदे खास उछाह देखल गइल। ओहर मथुरा के साथे सज्जो ब्रजमंडल में होली क धूम हौ। ओइजा के सज्जो प्रमुख मंदिरन में देस–विदेस से आइल सरधालु अपने अपने ठाकुर जी के साक्षी मानत होली खेलि रहल हवे। ब्रज क गली रंगन से सराबोर हौ अउर ओइजा के होली देखे बदे बड़हन संख्या में विदेसी सैलानियों पहुंचल हवे।

बाराबंकी जिला के देवा क्षेत्र क प्रसिद्ध सूफीसंत हाजी वारिस अली साह के दरगाह पर होली मनावे बदे कई गो संम्प्रदायन के लोगि एकट्ठा भइले अउर एक दुसरे के गुलाल अउर फूलन क रंग लगवले। जौनपुर अउर गाजियोपुर में होली क आयोजन सान्तिपूर्ण वातावरण में कइल गइल। रायबरेली जिला के डलमऊ क अट्ठाईस गावन में होली के तिउहार पर सोक मनावे क परंपरा हौ। ओइजा सात सौ बरिस पहिले राजा डलदेव दुस्मन राजा से लड़त बलिदान दिहले रइले तबसे गांव में पांच दिन सोक रहेला अउर एकरे बाद होली क तिउहार मनावल जाला। होली के देखि के प्रदेस में पुलिस अउर स्वास्थ्य विभाग सर्तक हौं। दिनभर कइ जिलन में पुलिस अउर प्रशासन क उच्चाधिकारियो लोगि क्षेत्र क दौरा कइके हालति क जायजा लिहलें।

**********

गोरखपुर अउर एकरे पड़ोसी जिलन में होली क तिउहार बिहने मनावल जाई। मुख्यमंत्री अउर गोरक्षपीठाधीश्वर योगी आदित्यनाथ गोरखपुर जिला में ही होली मनइहैं। उहां के गोरखपुर सहर कै घंटाघर से निकरे वाली भगवान नरसिंह क रंगभरल सोभा जतरा क शुरूआत करबि। गोरखपुर प्रवास में मुख्यमंत्री आजु भगवान सिव क रुद्राभिसेक कई कै लोकमंगल क कामना कइलीं। ओहर प्रदेस क पूर्व मुख्यमंत्री अउर समाजवादी पार्टी क अध्यक्ष अखिलेश यादव इटावा जिला क सैफई गांव में कार्यकर्ता लोगिन के साथे फूलै क होली खेललैं। एह मौका पर उनके पारटी क कई गो सीनियर पदाधिकारियों मौजूद रहलें।

**********

स्वदेसी दवा निर्माता कंपनी भारत बायोटेक इंटरनेसनल लिमिटेड तपेदिक यानि टीबी क टीका– एमटीबी वैक क बड़हन उमिरि के लोगिन पर चिकित्सकीय परीक्षण सुरू कइ दिहले हौ। काल्हि विश्व क्षय रोग दिवस पर इ जनकारी साझा कइल गइल। भारत बायोटेक के हिसाबि से इ पहिला टीका हौ जेके स्पेन क दवा निर्माता कंपनी– बायोफेब्री मानव स्रोत से तइयार कइले हौ। परीक्षण के पहिला फेरा में ई टीका एचआईवी से संक्रमण रहित वयस्क लोगिन के लगावल गइल हौ। दूसरा फेरा में ई टीका एचआईवी ग्रस्त वयस्क लोगिन के दीहल जा रहल हौ। एह परीक्षण क उद्देस्य इ निर्धारित कइल हौ कि ई टीका लोगिन बदे सुरक्षित हौ कि नाहीं।

होली तिउहार के नाते ऐह बेरि स्वास्थ्य विभाग चौबीस मार्च के बजाय अट्ठाइस मार्च के आदर्स आचार संहिता क पालन करत विस्व क्षय रोग दिवस मनाई। एकर उद्देस्य टीबी रोग से बचाव बदै लोगिन के जागरूक कईल हौ। गोरखपुर क मुख्य चिकित्सा अधिकारी डॉ आशुतोष कुमार दूबे बतवलें कि सेंट्रल टीबी डिवीजन से मिलल दिसा निर्देसन के हिसाबि से येह बेरि क्षय उन्मूलन संबंधी जनजागरूकता गतिविधियन क आयोजन आवे वाला अट्ठाइस मार्च के कइल जाई। समुदाय में ईहो सनेसा दिहल जाई कि समय से पहिचान हो गइले से टीबी क पुरहर इलाज संभव हवे।

**********

चंदौली जिला क मुगलसराय कोतवाली इलाका क चौरहट गांव में मिरजापुर पड़ाव मारग पर तेज रफ्तार कार के चपेट में अइले से दुई लोगिन कै ओहीजुकवें मउति हो गइल, जबकि तीनि जने अउरियो घाही हो गइलैं। इ सज्जा जने घरे के बहरे डीजे बजा के होली क जस्न मनावत रहलैं। घाही लोगिन के इलाज बदे भर्ती करावल गइल बा।

**********